**दिन–रविवार** **दिनांक–29.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पश्चिम एशियाक स्थिति पर चिंता व्यक्त करैत कहलनि अछि जे दुनिया भरि मे पेट्रोल आ डीजल के संकट बढ़ि रहल अछि। आइ आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे ओ कहलनि जे वर्तमान समय चुनौतीपूर्ण अछि कियेकि भारतक ऊर्जा आवश्यकताक एक पैघ हिस्सा के पूर्ति पश्चिम एशिया सँ होयत अछि। ओ कहलनि जे विश्व समुदाय के संग भारतक संबंध, सभ देश सँ भेटि रहल सहयोग आ पछिला दशक मे भारतक अभ्यूदय के कारण देश एहि परिस्थिति सँ निबटबा मे सक्षम भेल अछि। श्री मोदी विश्वास व्यक्त कयलनि जे कोविड कालहि जकां वर्तमान संकट सँ सेहो भारत उबरि जायत।

प्रधानमंत्री कहलनि जे खाड़ी देश मे लाखों भारतीय रहैत छथि। ओ एक करोड़ सँ बेसी भारतीय लोकनि के हरेक प्रकारक सहायता देबाक लेल खाड़ी देश सभ के धन्यवाद देलनि आ लोक सभ सँ अपील कयलनि जे ओ सामुहिक रूप सँ एहि चुनौती के मोकाबिला करथि। श्री मोदी कहलनि जे विपक्ष के एहि मुद्दा के राजनीतिकरण करबा सँ बचबाक चाही। ओ कहलनि जे ई एक सय चालीय करोड़ देशवासी लोकनि के हित के मामिला अछि आ एहि मे स्वार्थगत राजनीति के लेल कोनो स्थान नहि अछि। श्री मोदी इहो कहलनि जे एहि मामिला मे भ्रम पसारऽवला लोक सभ देश के नोकसान पहुंचा रहल छथि। ओ देशवासी लोकनि सँ भ्रामक संवादक प्रति सतर्क रहबाक आह्वान करैत कहलनि जे लोक सभ के मात्र सरकारी सूचना सभ पर भरोसा करबाक चाही।

प्रधानमंत्री कहलनि जे देश मे ग्रीष्म ऋतु के आगमनक संगहि जल संरक्षण के प्रति नव प्रकार सँ प्रतिबद्धता व्यक्त करबाक समय आबि गेल अछि। ओ कहलनि जे पछिल एगाहर वर्ष मे जल संचय अभियान सँ लोक सभ मे व्यापक जागरूकता आयल अछि आ देशभरि मे लगभग पचास लाख कृत्रिम जल संचयन केन्द्र बनाओल गेल अछि। जल संकट सँ निबटबाक लेल आब हरेक गाम मे सामुदायिक स्तर पर प्रयास कयल जा रहल अछि। श्री मोदी जन भागीदारी सँ जल संरक्षण संबंधी किछु प्रेरणायुक्त उदाहरण सेहो साझा कयलनि।

प्रधानमंत्री कहलनि जे पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक प्रभाव देशक क्षेत्र मे ठाम देखल जा रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना सँ पूर्वोत्तर के कतेको क्षेत्र के लाभ भेटि रहल अछि। ओ लोक सभ सँ सौर ऊर्जा क्रांति मे सम्मिलित हेबाक आ आन लोक सभ के सेहो एहि सँ जोड़बाक आग्रह कयलनि। अंत मे प्रधानमंत्री लोक सभ सँ अपन लऽगपासक प्रेरणादायक कथा–कहानी साझा करैत रहबाक अनुरोध कयलनि। ओ कहलनि जे एहि संदेशक कारणेँ दूर–दराजक लोक सभ सेहो मन की बात के उत्साह पूर्वक सुनैत छथि।

———————————————————————————

बिहार विद्यलाय परीक्षा समिति वार्षिक मैट्रिक परीक्षाक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। शिक्षामंत्री सुनील कुमार बोर्ड कार्यालय मे आइ परीक्षा परिणाम जारी कयलनि। ओ जनौलनि जे कुल एकासी दशमलव सात नओ प्रतिशत अभ्यर्थी उत्तीर्ण भेलाह अछि। परिणाम मे छात्रा लोकनि बाजी मारलनि अछि। वैशाली के चौराही उच्च माध्यमिक विद्यालय के सबरीन परवीन आ जमुई के सिमुलतला आवासीय विद्यालय के पुष्पांजलि कुमारी संयुक्त रूप सँ सर्वोच्च स्थान प्राप्त कयलनि अछि। ओतहि बेगूसराय के राजकीयकृत बनवारीपुर उच्च विद्यालय के नाहिद सुल्ताना दोसर स्थान तथा बरौनी के राजवाड़ा उच्च विद्यालयक ओम कुमार थर्ड टॉपर रहलाह अछि। पहिल पाँच टॉपर मे तेरह विद्यार्थी सम्मिलित छथि। बोर्डक अध्यक्ष आनंद किशोर जनौलनि जे चारि लाख तैंतालीस हजार सात सय तेईस परीक्षार्थी प्रथम श्रेणी मे परीक्षा पास कयलनि अछि। श्री आनंद जनौलनि जे एहि वर्ष टॉपर्स के भेटऽवला सम्मान राशि बढ़ा देल गेल अछि। अभ्यर्थी बोर्ड के वेबसाइट रिजल्ट डॉट बिहार बोर्ड ऑनलाइन डॉटा ओआरजी पर परिणाम देख सकैत अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मैट्रिक परीक्षा मे सफल परीक्षार्थी लोकनि के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। अपन संदेश मे श्री कुमार कहलनि जे सभ छात्र–छात्रा लोकनि कठिन परिश्रम कऽ उत्तम प्रदर्शन कयलनि अछि। ओ कहलनि जे छात्रा लोकनिक लगातार नीक प्रदर्शन महिला सशक्तीकरणक नीक परिणाम प्रस्तुत करैत अछि।

———————————————————————————

पर्यटन आ कला संस्कृति मंत्री अरूण शंकर प्रसाद कहलनि अछि जे राज्य मे दू सय सत्तासी सांस्कृतिक महोत्सवक आयोजन कयल जा रहल अछि। एहि महोत्सव के माध्यम सँ ऐतिहासिक, सांस्कृति, पौराणिक आ धार्मिक विरासत के संरक्षित करबाक प्रयास जारी अछि। औरंगाबाद मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत श्री प्रसाद कहलनि जे स्थानीय कलाकार के उचित मंच प्रदान करबाक लेल एहेन आयोजन अति उपयोगी अछि।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभ के प्रभाव सँ प्रदेशक बेसी तर भाग मे तापमान मे किछु कमी दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभागक रिपोर्ट के अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान समस्तीपुर, किशनगंज, सुपौल, भभुआ आ शेखपुरा सहित राज्यक विभिन्न क्षेत्र सभ मे हल्का वर्षा दर्ज कयल गेल अछि। ओतहि, किशनगंज के किछु भाग मे तेज अन्धर के कारण कतेको ठाम गाछक उखड़ि गेला सँ यातायात प्रभावित भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ सुपौल, अररिया, किशनगंज, कटिहार आ बांका सहित राज्यक उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम अन्धर–पानि के संग ठनका खसबाक आशंका अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल